



Fevriye 2026

# ICED IN

*Sentèz*

Aksyon ak Enpak U.S.  
Immigration and Customs  
Enforcement (ICE) nan  
Massachusetts nan ane 2025





## Kontèks Jeneral (Istorik)

Nan sezon prentan 2025, chèchè ki fè pati Leah Zallman Center for Immigrant Health Research (LZC) te rankontre ak patnè l yo nan tout eta a, tankou lidè nan Massachusetts Office for Refugees and Immigrants, pou yo te ka pale sou valè ak diferan fason pou fè yon etid ak yon rapò piblik ki ta temwen aksyon U.S. Immigration and Customs Enforcement (ICE) ap fè. Ansanm nou te deside yon misyon klè: Kolekte istwa sou moun ki afekte pa ICE, idantifye modèl yo, epi pataje yo ak Commonwealth of Massachusetts ak piblik la.

## Kesyon Rechèch yo

**Ki aksyon ICE te poze nan Massachusetts nan ane 2025, epi ki estrateji yo te itilize?**

**Ki enpak sa yo genyen sou byennèt chak moun, sou enstitisyon yo, ak sou byennèt kominote a?**

Avèk èd anpil patnè nou yo, LZC te lanse yon apèl pou istwa, mande lidè kominotè ak lidè relijye, doktè, defansè, avoka imigrasyon, anplwayè, founisè sèvis ak lòt manm kominote a pou pataje sa yo t ap viv ak sa yo te temwen. Patisipan yo te voye istwa ak egzanp ki montre ki jan kliyan yo, pasyan yo, travayè yo, vwazen yo, ak fanmi yo te soufri akòz detansyon ak depòtasyon ICE. Nou te kolekte 100 istwa ki soti nan 86 sous diferan sou aksyon ICE ak enpak yo ant mas ak novanm 2025. Done yo gen ladan istwa anonim ki pataje alekri oswa nan telefòn ak LZC (n=45), enfòmasyon anonim avoka yo te pataje (n=27), ak atik nan jounal (n=28). Nou te itilize kodaj tematik pou analize done yo epi elabore rapò nou an, ki te pibliye an fevriye 2026.

# Rezilta yo

## Aksyon ak Estrateji ICE yo

---

### 1. ICE ap arete moun ki pa kriminèl nan kominote a.

Lè w rete Ozetazini san papyè legal se yon enfraksyon sivil, se pa yon krim federal. Majorite imigran yo te arete yo pa t gen okenn dosye kriminèl epi yo t ap jis viv lavi yo chak jou lè ICE te vin pran yo. Nan plizyè ka, ICE te ale nan yon kote espesifik pou chèche yon moun ki gen yon dosye kriminèl, men yo te fini pa entèwoje oswa arete tout moun ki te sou teren an oswa ki te kanpe toupre, sa yo rele "arestasyon kolateral".

ICE te arete yon machin ki te gen yon bann frè ki te sou wout pou y al travay sou twati, menm si yo tout te gen swa ka Espesyal Imigran Jivenil oswa ka azil ki poko deside. Okenn nan yo pa t janm komèt krim oswa akize pou krim. Apre sa, ICE te voye yo nan Texas ak Arizona.

### 2. ICE sèvi ak fòs ki depase limit, vyolans, ak entimidasyon.

Istwa nou yo montre yon modèl klè nan aksyon vyolan ajan ICE yo, tankou rale moun soti nan machin, rele sou moun ak menase yo, pouse yo sou kloti, tòde bra yo, lage yo atè, sa lakoz boul ak blesi, epi kraze vit machin. Deklarasyon piblik ICE yo toujou rapòte se "yon itilizasyon fòs ki apwopriye." Lè w gade kantite kontradiksyon ki genyen ant sa viktim yo di ak sa ICE rapòte sou arestasyon yo nan tout peyi a, sa montre klèman gouvènman federal la bezwen pi transparan ak pi responsab.

\_\_\_ te sou wout li pou ale nan travay ak de zanmi l bonè nan maten lè li remake te gen twa SUV k ap swiv yo. Lè li te kanpe nan yon antre kay pou pran kèk zouti pou travay konstriksyon l lan, twa mesye yo te byen vit antoure pa ajan ICE, ki te pwente zam dirèkteman sou yo. **Ajan ICE yo te kòmanse retire rad mesye yo pou wè si yo te gen tatoo, men yo pa t genyen.** Youn nan mesye yo te gen yon pèmi travay epi yo te revoke l. De lòt yo pa t gen papyè, donk yo te arete yo imedyatman epi yo te depòte yo nan kèk jou. **\_\_\_ retounen nan peyi l kounye a, li pè pou lavi l paske frè l te mouri anvan li te vin Ozetazini pou chèche sekirite ak travay.**

### 3. ICE ap fè tout moun pè nan kominote a.

Avèk arestasyon k ap fèt gwo lajounen ak an piblik, anpil fanmi imigran ap viv nan laperèz. Ajan ICE yo itilize taktik entimidasyon epi yo kache idantite yo. Yo abiye ak inifòm militè konplè, jile ki pwoteje yo kont bal, yo mete mask sou figi yo. Anplis, yo pa toujou di poukisa yo kenbe moun fizikman epi arete yo. Yo mande antre nan kay moun san yo pa gen manda ki obligatwa dapre lalwa. Timoun ki temwen ICE pran paran yo, fanmi ki retounen lakay yo epi yo jwenn yon moun manke, epi ki gen yon moun yo renmen yo kidnape nan lari a, tout bagaj sa yo lakòz chòk emosyonèl.

\_\_\_ ap viv legalman Ozetazini plis pase ven ane. Li te sou wout pou l al nan tribinal lè ICE te kenbe li menm ak fanmi li. Ajan yo pa t idantifye tèt yo oubyen prezante yon manda. **Pandan pitit gason l lan t ap gade, yo te rale l soti nan machin nan, yo te pouse l sou yon kloti epi yo te lage l atè,** epi yo te kenbe l yon fason pou tòde men l—pandan tout tan sa a li t ap di yo sa te fè l mal epi li te bezwen èd. Apre sa, li te gen boul toupato sou bra l epi li te bezwen yon aparèy òtopedik.

### 4. ICE ap siprime dwa ak sipò fondamantal.

Konstitisyon ameriken an pwoteje imigran yo, epi yo gen dwa pou yo pase devan tribinal dapre lalwa. Sepandan, taktik ICE yo siprime dwa fondamantal yo. Istwa yo dekri moun yo te arete yo pa t gen chans pou bay papye nan moman arestasyon an, yo te refize ba yo yon entèprèt, epi yo pa t kapab kontakte manm fanmi yo oswa avoka yo. Nan detansyon, anpil moun te izole, neglije, ak/oswa pa t kapab reponn ak bezwen fondamantal yo. Istwa sa yo lakòz anpil enkyetid konsènan tretman moun yo, sante yo, ak dwa moun ki fèmèn nan sant detansyon imigrasyon.

Nan yon operasyon ICE te fè kote yo lave machin nan Allston, nèf anplwaye te arete. Anpil nan anplwaye sa yo te gen estati legal ak pèmi travay ki valab. Te gen vennde ajan ICE ki te rive nan biznis la. Yo te mande tout anplwaye yo pou yo montre papye yo, apre sa yo te arete yo san yo pa ba yo tan pou yo al pran dokiman yo nan kazye yo. **Kèk nan detni yo ki fè konnen yo te sibi move tretman, tankou yo pa t ba yo manje oswa yo pa t ba yo chans pou yo benyen pandan plizyè jou. Antretan, antrepriz la te rete san anplwaye kle li yo pandan plizyè semèn.**

# Enpak ICE sou Byennèt Moun, Enstitisyon, ak Kominote

---

## 1. Enpak Sikolojik, Finansye, ak Sante sou Moun ak Fanmi yo

Lè ou wè y ap fè vyolans sou yon moun nan fanmi ou, oswa lè yo arete yon moun ou renmen epi ou pèdi l nan yon nwit, bagay sa yo ka vrèman twomatizan. Lè yo arete yon moun, fanmi l oblije deside si y ap rete Ozetazini oswa si yo prale. Sa rive sitou lè se moun k ap fè lajan pou fanmi an ki nan prizon. Pèdi moun ki te konn bay lajan nan fanmi an lakòz jèn yo ak manm fanmi ki lwen yo oblije jwe nouvo wòl pou soutni fanmi yo finansyèman, tout pandan y ap fè fas ak pèt emosyonèl ak mantal yon paran oswa yon gadyen. Plizyè istwa rakonte moun ki soti Massachusetts ki te gen gwo pwoblèm sante. Lè ICE te arete yo, yo te mete yo nan detansyon epi yo te refize ba yo swen medikal ki pou yo. Nan kontèks rediksyon finansman Medicare ak Medicaid yo, gen kèk fanmi imigran ki chwazi pa renouvle MassHealth yo paske yo gen krentif pou ICE pa jwenn tout enfòmasyon sou yo.

## 2. Enpak Enstitisyonèl nan Swen Sante ak Sèvis Sosyal

Gen plis pasyan ki pa vin nan randevou lopital yo ak moun ki chwazi pou yo pa resevwa swen, ansanm ak yon ogmantasyon nan demann pou vizit telesante (telehealth) ak sèvis livrezon medikaman lakay. Gen plis moun k ap mande terapi tou, paske moun ap fè fas ak pwoblèm sante mantal ki te koze pa ICE oswa ki vin pi grav akòz aksyon ICE. Òganizasyon swen sante ap travay pou trete pwoblèm sante ki vin pi grav tankou enkyetid, chòk emosyonèl, ak maladi kwonik nan yon sistèm ki pa byen estriktire pou bay imigran yo bon jan kalite swen. Nan klima politik aktyèl la, doktè yo ap eseye fè ekilib ant pwomès yo pou respekte etik medikal ak presyon ki soti nan rediksyon finansman, nivo pèsonèl ensifizan, epi yo menase travayè yo dirèkteman. Pwogram sèvis sosyal ki soutni byennèt imigran ak refijye yo ap pèdi finansman yo oswa yo fèmen.

## 3. Enpak Kominotè sou Vil yo, Biznis yo, ak Lekòl yo

Minisipalite Massachusetts yo – sitou sa yo ki gen gwo popilasyon imigran – ap santi presyon akòz fason ICE ap mennen bagay yo. Ajan ICE yo te vize travayè ki sou liy devan nan kèk katye espesifik, sektè ki gen anpil imigran, ak nan kèk espas travay tankou chantye konstriksyon ak restoran etnik ak magazen manje. Gen ti biznis ki te di lavant yo diminye paske kliyan regilye yo vin gen mwens lajan pou yo depanse oswa paske y ap arete kliyan yo epi depòte yo. Anpil moun te temwen arestasyon ICE yo, alòske gen lòt ki santi yo akable ak tout nouvèl k ap pase chak jou ki montre arestasyon vyolan ak depòtasyon ki pa respekte konstitisyon an.

# Ki Sa Sa Vle Di pou Massachusetts?

Aksyon ICE yo nan Massachusetts an 2025 te gen enpak reyèl ak serye sou Commonwealth nou an. Moun ki te pataje istwa avèk nou te kesyone kapasite ICE pou inyore lalwa ak pwosedi yo etabli yo, refize moun dwa konstitisyonèl yo, jije moun selon ras yo sou manm kominote yo, epi detwi byen pèsònèl san okenn konsekans. Yon bagay ki te parèt anpil anpil se konsekans aksyon ICE yo pa sèlman sou imigran y ap arete ak depòte yo, men sou tout moun.

## ICE ap teste règ lalwa a

ICE ap teste limit lwa a nan Massachusetts lè li aji ak fòs ki pa nesèsè epi arete moun ki pa kriminèl san okenn konsekans. Piske ICE manke transparans, responsabilite, ak estanda pou respekte dwa debaz moun, sa fè eksperyans imigran yo pa menm jan ditou. Li kapab diferan selon kominote a epi selon ofisye a. Ofisye ICE se anplwaye leta ki nan lari. Yo pale ak moun epi yo gen dwa deside anpil bagay sou fason yo aplike lalwa. Se sa ki fè yo pran desizyon selon sa yo kwè, selon fòmasyon yo, ak selon valè yo. Pa egzanp, limit jiska ki pwen yo dispoze ale pou arete yon moun, epi yo deside si y ap arete yon moun oswa lage l apre yo fin poze l kesyon.

## Laperèz ak vyolans ap chanje klima kominote nou yo

Laperèz arestasyon, depòtasyon, vyolans, ak/oswa vanjans te gaye nan enstitisyon ak kominote Massachusetts yo. Sa reprezante yon chanjman nan klima kote enpak ICE yo menase pa sèlman fanmi imigran yo, men tout moun. Moun ki la yo ak moun ki ta ka alye enstitisyon yo afekte tou pa restriksyon gouvènman federal la sou dwa Premye Amanman an ki gen rapò ak diskou kont administrasyon an.

### **Anpil Imigran ap evite:**

Travay • Edikasyon/Fòmasyon • Lekòl pou Timoun • Randevou  
Doktè / Randevou Tribinal • Randevou Lajistis • Aktivite wikenn yo Reyinyon  
Relijye / Evènman Kiltirèl • Lekòl Lang • Gradyasyon nan Kolèj / Fè Makèt •  
Al Pran Medikaman

## Vyolans Jodi a soti nan Inegalite ki te la depi lontan e ki toujou la nan sistèm nan

Malgre nou te montre jan vyolans ak kantite aksyon ICE yo anba administrasyon Trump lan se bagay ki pa t janm rive anvan epi ki pral afekte nou lontan, nou wè vyolans jodi a kòm yon ekstansyon sou inegalite ki te la depi lontan nan sistèm nan, inegalite ki baze sou ras. Alòske n ap montre klèman fòm vyolans dirèk kominote imigran yo ap sibi nan Massachusetts, nou dwe travay an menm tan pou nou konprann epi ranvèse tout modèl inegalite ki nan sistèm nan, modèl ki fè nou rive nan pwen sa a.

## Kominote Massachusetts yo ka anpeche epi diminye plis domaj

Klima militarizasyon, dezimanizasyon, ak laperèz ki dekri nan rapò sa a lakoz yon domaj kolektif sou nou tout – menm moun ki soutni Trump lan oswa ki toujou kwè ICE ap vize sèlman kriminèl yo. Li souleve kesyon tou sou sekirite ak byennèt kolektif nou an. Malgre li sanble difisil nan epòk polarizasyon sa a, koneksyon ak koyezyon sosyal ka konbat kominote k ap divize yo epi bati chemen rezistans ak chanjman alontèm. Yon bon kote pou kòmanse se lè nou revize valè pataje yo epi rekonèt nou tout afekte e enplike nan Massachusetts.

Massachusetts gen anpil vwa rezistans ki fò e ki efikas. Malgre politik federal ki danjere yo, politik eta ak lokal ka kenbe tèt, pwoteje moun, epi bay sa ki nesèsè. Nou wè yon bezwen klè pou lidèchip nan eta a, plis konpreyansyon piblik, konvèsasyon kolektif, ak mobilizasyon estratejik pou kreye ak kenbe sekirite ak pwosperite nan Massachusetts kounye a ak nan tan k ap vini.

## Li rapò konplè a:

<https://immigranthealth.org/wp-content/uploads/Iced-In.pdf>



A CENTER AT



[lzc@communityhealth.org](mailto:lzc@communityhealth.org)